

# Vaksen COVID-19

Florida  
HEALTH



Si ou gen nenpòt késyon oswa si ou bezwen èd, rele Sant Dapèl COVID-19 la:  
**1-866-779-6121.** Sant lan louvri tout jounen ak chak jou.




COVID-19 se yon viris ki te fè anpil moun malad. Gen kèk moun ki mouri.



Kounye a, gen piki vaksen ki mete medikaman nan kò ou. Medikaman an pwoteje ou kont COVID-19.



Lè tou pa m rive, mwen kapab pran vaksen pa m pou m rete an sante.



Mwen prale kay doktè pou m pran vaksen m.



M ap anrejistre. M ap chita epi tann tou pa m rive.



Yo pral fwote yon tanpon fre sou bra m. Li ka petèt gen yon sant dwòl.



M ap chita san bouje, epi lè sa, m ap santi piki a. M ap santi tankou yon zongle oswa yon piki.



Apre sa m ap gen yon pansman sou bra m.




Doktè a oswa enfimye/enfimyè a ka petèt mande pou ou chita epi tann yon ti moman anvan ou ale lakay ou. Yo vle pou ou anfòm.



Yap di w si w bezwen yon lòt piki pou w rete an sante.



Ou ka petèt gen pou ou tounen nan 3 oswa 4 semèn pou yon dezyèm piki, epi ...



Ou pral pase nan menm etap yo pou dezyèm piki a.



Lè yo di m anfòm,  
m ale lakay mwen.



M ka petèt gen yon tach wouj akòz piki a. Bra m ka petèt fè m mal. M ka petèt santi m fatige, gen yon maltèt oswa lafyèv.




Apre yon jou,  
si bra m toujou wouj ak fè mal, epi m santi m malad toujou ...



Mwen kapab rele doktè m.



Oswa m ka rele Sant Dapèl COVID-19 la,  
1-866-779-6121,  
epi m peze 3 pou jwenn èd.




Apre detwa jou,  
m ap santi m anfòm.



**M ap toujou gen pou  
m mete mask mwen  
pandan yon sèten tan.**



**M ap toujou eseye pa  
rete twò pre lòt moun.**



**M ap toujou lave  
men m. Anpil!**

## **Mwen pral kontan dèské m te bay patisipasyon m!**



**Vaksen COVID-19 la pwoteje m,  
li pwoteje fanmi m, zanmi m ak  
lòt moun yo.**